

# Gid sou Konvokasyon nan Reyinyon



Mayor's Office for  
People with Disabilities

## ENTWODIKSYON

Yo kreye gid sa a pou ede Ajans Minsipal yo ansanm ak Fasilitatè Sèvis pou Moun Ki Gen Andikap yo (Disability Service Facilitators) prepare avi, afich, ansanm ak lòt dokiman piblisite ki founi enfòmasyon sou aksè pou moun ki gen andikap yo nan evènman ak nan reyinyon administrasyon Vil Nouyòk yo. Pou nou asire nou ke moun yo jwenn enfòmasyon sou aksè pou chèz woulant yo byen fasil, gen bonjan planifikasyon pou n fè. Gid sa a pral ede w avèk planifikasyon sa a, tankou pa egzanp enfòmasyon sou konvokasyon reyinyon yo, komunikasyon ki efikas pandan evènman an, aksè ak evènman an oswa aksè ak kote reyinyon an ap fèt la, ansanm ak materyèl ki disponib pandan evènman oswa reyinyon an.

Aksè pou moun ki gen andikap yo nan evènman ak nan reyinyon adminsitrasyon yo ki louvri pou piblik la reprezante yon eleman esansyèl pou Vil Nouyòk. Nou vle enkli tout moun ak fasilite patisipasyon yo nan pwogram, sèvis ak aktivite administrasyon an pou youn nan wuit (8) Abitan Vil Nouyòk ki idantifye kòm moun ki gen yon andikap daprè Ankèt Kominotè Resansman Ameriken 2014 la.

## AVI SOU EVÈNMAN AK ANONS SOU REYINYON YO

Lwa Vil la egzije pou tout piblisite, afich, envitasyon, avi, ansanm ak lòt materyèl piblisite pou evènman ak reyinyon ki louvri pou piblik la --kit yo sou fòm enprime oswa sou fòma elektwonik -- gen enfòmasyon sou aksè pou chèz woulant nan etablisman ak sou lòt amenajman yo founi pou moun ki gen andikap yo. Dokiman yo dwe bay enfòmasyon kontak ki enkli yon adrès imèl ak nimewo telefòn pou fè demann amenajman yo ansanm ak delè ou genyen pou w fè demann lan. Delè ki rezonab pou fè demann yo se 48 rive 72 èdtan avan reyinyon oswa evènman an, sa ki pèmèt Ajans Minsipal la jwenn ase tan pou I fè aranjman pou amenajman yo.

Lwa Vil la egzije pou konvokasyon nan evènman yo, mezi sa posib pou fòm medya ou chwazi a, pou yo enkli enfòmasyon sou disponibilite:

- aksè pou chèz woulant;
- tradiksyon an tan reyèl ki pèmèt aksè nan komunikasyon;
- sèvis entèpretasyon nan langaj siy;
- sistèm sonorizasyon asiste, ak lè sa disponib, kalite sistèm espesifik, ki enkli, men ki pa sèlman enkli, sistèm sonorizasyon a endiksyon mayetik; ansanm ak
- nenpòt lòt amenajman pou moun ki gen andikap k ap disponib nan lokal reyinyon an oswa nan tout lokal kote evènman an ap fèt yo.

Lalwa egzije pou yo itilize senbòl entènasyonal ki prezante nan gid sa a lè y ap bay enfòmasyon sou amenajman ki disponib yo.

Lòt enfòmasyon yo ka bay nan avi yo se:

- Bay ki kote estasyon bis ki pi pre a ye;
- Bay ki kote estasyon tren aksesib ki pi pre a ye
- Bay enfòmasyon sou pakin ki pi pre a;
- Bay enfòmasyon sou zòn pou bèt sèvis k ap fè bezen yo;
- Mande pou patisipan yo sispann itilize pafen, odkolòy ak lòt pafen santi bon pou pwoteje moun ki gen alèji ki grav, maladi anviwònmantal, sansibilite chimik miltip oswa lòt andikap ki gen pou wè ak sa a.

## **MODIFIKASYON REZONAB**

Yon Ajans Minisipal ta dwe òganize reyinyon piblik yo nan etablisman ki aksesib pou moun ki gen andikap. Si sa pa posib, ajans lan dwe fè amenajman rezonab pou yon moun ki pa t ka rive nan lokal kote reyinyon an t ap fèt la, pa egzanp, bay moun nan aksè a distans pa vidyeo. Epitou, si yon ajans bay yon dokiman alekri nan yon reyinyon piblik, fòk yo bay dokiman yo nan lòt fòma tou, pa egzanp, ekriti an gwo karaktè, ekriti Bray oswa sou fòma odyo, selon sa yo mande.

## **KOMINIKASYON EFIGAS**

Lè y ap chwazi yon èd oswa yon sèvis komunikasyon, Ajans Minsipal la dwe prioyize èd oswa sèvis moun ki gen andikap la mande a. Ajans Minisipal la dwe respekte chwa moun nan, sof si li ka demonstre ke gen yon lòt mwayer komunikasyon ki pi efikas ki disponib, oswa si yo itilize mwayer moun nan mande a ta ka lakoz gen yon gwo chanjman ki fèt nan nati yon sèvis, yon pwogram oswa yon aktivite oswa nan yon gwo chaj finansyè epi administratif. Si chwa moun ki gen andikap la fè a ta ka lakoz yon gwo chaj oswa chanjman fondamantal, antite piblik la toujou gen obligasyon pou l founi yon lòt èd oswa sèvis k ap pèmèt yon komunikasyon efikas, si gen youn ki disponib.

Pou yo detèmine si yon èd oswa yon sèvis patikilye ta ka lakoz gwo chaj finansyè epi administratif, Ajans Minsipal la ta dwe evalye kantite lajan èd oswa sèvis patikilye sa koute parapò ak tout resous ki disponib pou finanse pwogram nan, sèvis oswa aktivite a ansanm ak efè li genyen sou lòt depans oswa fonksyònman yo. Se yon ofisyè wo nivo, ki gen yon fonksyon ki pa enferyè parapò ak yon chèf Depatman, ki pou deside si yon èd oswa yon sèvis patikilye ta ka lakoz gwo chaj, epi desizyon l lan dwe enkli yon deklarasyon alekri ki bay rezon ki fè l abouti a konklizon sa.

Sa yo ki anba a se non kèk konpayi ak òganizasyon ki bay sèvis entèprètasyon langaj siy oswa sèvis transkripsyon CART nan Vil Nouyòk:

Accurate Communication - 646-873-4000

(Depatman Sèvis Tout Vil la (Department of Citywide Services) gen yon kontra avèk konpayi sa a)

Sign Language Resources, Inc. - 888-964-5553

Comprehensive Network - 718-382-2020

New York Society for the Deaf - 212-366-0066

Deaf & Hard of Hearing Interpreting Services Inc. - 212-647-1092

All Hands in Motion - Pro. Sign Language Interpreters, LLC. - 718-997-0472

## **DOKIMAN KI ENPRIME**

Tout avi ak lòt dokiman dwe gen yon polis karaktè 18 pwen omwen. Itilize karaktè an gra paske lè lèt yo fonse sa lakoz sa ki ekri a pi fasil pou li. Founi kontras koulè ki itilize swa yon fon klè ki gen yon enpresyon sonm oswa yon fon sonm ki gen yon enpresyon klè. Evite itilize polis kisiv ki gen ladan I fòm italic, epi evite itilize tout lèt majiskil, pwiske fòm enpresyon sa yo rann li pi difisil pou diferansye lèt yo.

## **DOKIMAN ELEKTWONIK**

Tout dokiman elektwonik yo dwe nan yon fòma ki aksesib pou moun ki gen difikilte pou wè byen oswa yo dwe itilize yon lektè ekran. Egzanp fòma aksesib yo se dokiman Word, PDF ki Aksesib oswa html debaz. Dokiman elektwonik yo.

# SENBÒL

Lè w ap founi enfòmasyon sou amenajman ki gentan an plas yo, li kapab pi efikas pou itilize senbòl ke tout moun konnen yo olye de mo sa yo ki vin apre yo:



Lokal kote y ap fè reyinyon an aksesib pou moun ki sou chèz woulant oswa moun k ap itilize lòt aparèy pou deplasman




Gen Entèprèt Langaj Siy ki disponib




Sistèm a Endiksyon Mayetik lan an plas



Sistèm Sonorizasyon Asiste a an plas (endike ki kalite sistèm nan: Enfrawouj, FM oswa Doub Endiksyon)



Dokiman enprime yo disponib ann ekriti Bray



Dokiman enprime yo disponib an gwo karaktè



Sou-Titraj an Tan Reyèl la disponib

[Telechaje Senbòl Entènasyonal Aksè a isit la](#)  
[Telechaje lòt senbòl ki aksesib yo isit la](#)

# Egzanp Envitasyon Fòmèl

Pou moun sa ka konsène,

**Nou kontan envite w rejwenn Biwo Majistra pou Moun ki Gen Andikap (Mayor's Office for People with Disabilities, MOPD) nan NYC pou patisipe nan yon reyinyon pou n diskite sou disponibilite pou aksè sou chèz woulant lan. Lendi 6 jen 2016 soti 3 – 4è p.m. nan 100 Gold Street, 2nd Floor, New York, New York.**

Tanpri voye repons nan [rsvp@mopd.nyc.gov](mailto:rsvp@mopd.nyc.gov) avèk non ak tit patisipan yo ansanm ak òganizasyon ki afilye pa pita pase Jedi jou ouvrab k ap 2 Jen ki pa lwen rive a.

**Aksè Disponib:**



**Antre prensipal 100 Gold Street la gen yon pòt otomatik epi li aksesib pou moun ki sou chèz woulant epi ki gen lòt andikap. Reyinyon an pral tradui grasa yon entèprèt ASL, CART epi ap gen yon Sistèm a Endiksyon Mayetik k ap disponib nan sal reyinyon an. Twalèt ki nan dezyèm etaj yo aksesib ansanm ak yon twalèt pou yon sèl moun itilize. Pou jwenn enfòmasyon oswa pou fè demann konsènan aksesiblite a, tanpri voye imèl bay Fasilitatè Sèvis pou Moun ki Gen Andikap (Disability Service Facilitator, MOPD) yo nan [mopd\\_dsf@mopd.nyc.gov](mailto:mopd_dsf@mopd.nyc.gov) oswa rele (212) 555-5555 disi 4 Jen.**

Egzanp Feyè Piblisite Evènman

# Defile pou Fyète Moun ki Gen Andikap (Disability Pride Parade) Nan Vil Nouyòk

Lendi 10 jiye 2016  
11è:00 a.m.

Union Square Park

Aksè disponib:



Wout pou defile a konplètman aksesib. Twalèt pòtab yo aksesib, ap gen sèvis entèprèt CART, ASL ansanm ak teknoloji a endiksyon mayetik k ap disponib.

Pou fè demann pou amenajman siplemantè yo tanpri kontakte  
[MOPD\\_DSF@cityhall.nyc.gov](mailto:MOPD_DSF@cityhall.nyc.gov) oswa 212 - 788 - 2830 disi 7 jiye.



Mayor's Office for  
People with Disabilities

# Facebook egzanp (espas limite)



New York City Mayor's Office for People with Disabilities

15 janvye

Nan dat 26 janvye vini nan NYPL Bibliyotèk Piblik Nouyòk (The New York Public Library, NYPL) la #DescribeAthon17 soti 12:00PM rive 6:45PM nan Andrew Heiskell Braille ak Bibliyotèk Liv Odyo (Andrew Heiskell Braille and Talking Book Library) a epi ede rann videoyo ki sou nèt la pi aksesib pou telespektatè ki avèg yo. Jwenn plis enfòmasyon isit la: <http://on.nypld.org/2itnIKT> #a11y

## Describeathon 2017

Jedi 26 janvye

12è:00 p.m. pou 6è:45 p.m.

Andrew Heiskell Braille ak Bibliyotèk Liv Odyo



New York  
Public  
Library



Antre ak Twalèt yo totalman aksesib pou fè demann pou amenajman siplemantè yo tanpri  
voye imèl nan [Jsmith@NYPLemail.com](mailto:Jsmith@NYPLemail.com)  
72 èdtan avan evènman an

Describeathon 2017 - ede rann videoyo prefere w yo ki sou nèt la aksesib!

Ede rann videoyo ki sou nèt la pi aksesib pou telespektatè ki avèg yo pandan w ap ajoute vwa w nan DescribeAthon17.

# Egzanp Twitter (espas limite)



**NYC MOPD @NYCDisabilities** 28 desanm

Selebreite Djazz pou fyète moun ki gen andikap yo, yon gwoup lejandè ki gen mizisyen djaz ap kolekte fon pou Defile pou Moun ki Gen Andikap pou ane 2017 la [winterjazzfest.com/jazzlegends](http://winterjazzfest.com/jazzlegends)

## ZETWAL DJAZ YO *Per* FYÈTE MOUN KI GEN ANDIKAP YO



Jimmy Cobb    George Coleman    Benny Golson  
Ansanm ak anpil lòt toujou.

Harold Mabern    Ron Carter

Kolèk Fon ane 2017 pou Defile pou Fyète Moun ki gen Andikap - 5 janvye, 6è:30 a 9è:30 p.m.  
Quaker Friends Meeting Hall, 15 Rutherford Place, NYC



Espas sa a gen yon antre ak yon saldeben ki aksesib pou moun ki gen andikap.  
Pou fè demann pou amenajman, kontakte [nycpres@gmail.com](mailto:nycpres@gmail.com) 72 èdtan avan evènman an

Si w gen lòt kesyon konsènan avi w yo, tanpri kontakte



**Mayor's Office for  
People with Disabilities**

(212) 788-2830